# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–09 अगस्त 2024 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में काकोरी ट्रेन एक्शन सताब्दी महोत्सव समारोह क सुभारंभ कइलें। येह मौका पर उहां के काकोरी ट्रेन एक्शन से जुड़ल पुस्तिका अउर डाक आवरण क विमोचन कइले क सथहीं वीर सहीदन के परिजनन के सम्मानितों कइलें। उहां के कहलीं कि भारत क आजादी बदे आपन सबकुछ निछावर करे वाले सज्जों ज्ञात चाहे अज्ञात महान क्रान्तिकारियन के नमन हौ। पूरा देस ओन्हें सरधांजलि दे रहल हवे। काकोरी ट्रेन एक्शन का सौवां वर्षगांठ पर आजु से प्रदेस के सज्जों जिला में कई गो आयोजन सुरू भइल हवे। येहि क्रम में कानपुर के नानाराव पेशवा स्मारक पार्क में काकोरी ट्रेन एक्शन से जुड़ल परदरसनी का आयोजन कइल गइल। येहि मौका पर कैबिनेट मंत्री नन्द गोपाल नन्दी शहीदन के मुरति पर माला चढ़ा के ओन्हें सरधांजलि दिहलें अउर पौधा रोपलें। कैबिनेट मंत्री स्वंय सेवकन के ओरि से निकारल गइल शहीद स्मृति जतरा के हरियर झंडा देखा के रवाना कइलें सथहीं स्वंतत्रता संग्राम सेनानियन के परिवार के लोगिन के अंगवस्त्र अउर प्रतीक चिन्हहा देके से सम्मानित कइले। बदायूं में राज्यमंत्री दिनेश प्रताप सिंह स्वतंत्रता संग्राम सेनानियन क परिजन क माला पहिरा के सम्मानित कइले त ओहीं कृषि मंत्री सूर्य प्रताप शाही, अजोध्या के मण्डल कारागार में काकोरी एक्शन के नायक शहीद अशफाक उल्लाह खां के सहादत स्थल पर पहुंच के ओन्हे सरधांजलि दिहले।

बनारस में स्कूली लइके सांस्कृतिक अउर देसभक्ति कार्यक्रम प्रस्तुत कइले। कैबिनेट मंत्री अनिल राजभर येह मौका पर स्वतंत्रता संग्राम सेनानियन के नमन करत कहलें कि खाली चालीस गो देस भक्त क टीम काकोरी ट्रेन एक्शन जइसन कार कइल रहे। जवन उनकर जजबा अउर हउसला के देखावत हौ। येह मौका पर महराजगंज अउर गोरखपुर में चित्र परदरसनी अउर पेंटिंग प्रतियोगिता क आयोजन भइल।

**********

लोकसभा आजु वक्फ संसोधन विधेयक क जांचि बदे सदनन क संयुक्त समिति में अपने इक्कइस सदस्य क नाव के प्रस्ताव के मंजूरी दे दिहले। ये समिति में राज्यसभा क दस गो सदस्यों सामिल होइहें। येह तरह समिति मे कुलि इक्कतीस सदस्य होइहें। येह समिति के अगिला संसद सत्र क पहिल हपता के आखिरी दिन्न ले आपन रिपोर्ट सौपले क होई। संसदीय अउर अल्प सख्यक मामिला क मंत्री किरन रिजिजू प्रस्ताव रखलें कि वक्फ विधेयक के सदनन क संयुक्त समिति के भेजल जाव जेह में लोकसभा क इक्कइस अउर राज्यसभा क दस सदस्य होइहें। काल्हि लोकसभा में ई विधेयक पेस कइल गइल। अउर बहस के बादि येह से संयुक्त संसदीय समिति के भेज दिहल गइल। सरकार कहले हवे कि प्रस्तावित कानून क मस्जिदन के कामकाज में हस्तक्षेप कइले क इरादा नाही हवे।

**********

प्रदेस भर में नाग पंचमी क तिउहार सरधा अउर हसी खुसी के साथे मनावल जा रहल हौ। भिन्नहियें से मंदिरन में सरधालु नाग देवता अउर भगवान सिव का पूजन कई के सरधा अरपित कई रहल हवे। बनारस में बाबा काशी विश्वनाथ, कैथी मे मार्कण्डेय महादेव, अजोध्या में नागेश्वरनाथ, गोरखपुर में झारखंडी महादेव, बाबा मुंजेश्वरनाथ, देउरिया में दुग्धदेश्वरनाथ अउर महेन्द्रनाथ के सथहीं कई गो जिला के सिव मंदिरन में सरधालुअन का भारी भीड़ हौ। येह मौका पर गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में आयोजित भइल कुस्ती प्रतियोगिता में बढ़िया परदरसन करे वाला पहलवानन के मुख्य मंत्री योगी आदित्यनाथ पुरसकार देके सम्मानित कइले।

**********

प्रदेस सरकार तेरह से पनरह अगस्त ले हर घर तिरंगा अभियान क आयोजन कई रहल हवे। सरकार पछिल बरिस क तुलना में येह बरिस पांच से दस फीसदी बेसी तिरंगा फहरवले क लक्ष्य निर्धारित कइले हवे। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एके लेके निरदेस जारी कइलें हवें। येहि क्रम मे प्रदेस के कई गो जिला में स्वंय सहायता समूह क महिला लोगिन के तिरंग बनावे क कार सौंपल गइल हौ। कई गो सामाजिक संगठनों तिरंगा बाटत हवें। ओहर प्रदेस के कई गो जिला के स्कूल आ कॉलेजन में हर घर तिरंगा अभियान में स्लोग्न, पेंटिंग, वाद–विवाद के सथहीं कई गो प्रतियोगिता क आयोजन कइल जा रहल हौ।

**********

प्रदेस के कई गो जिला में बरखा भइले क सिलसिला जारी हौ। ओहर पहाड़ों पर लगतारे हो रहल बरखा अउर बंधा से पानी छोड़े जाने के नाते कई गो नदी क जल स्तर खतरा क चिन्हा के पार हो गइल हौ चाहे ओकरे नगिच्चे हौ। गिरजा अउर सारदा बैराज से तीनि लाख छौ हजार क्यूसेक पानी छोड़इले से सरजू नदी क जल स्तर खतरा के चिन्हा क उप्पर पहुंच गइल हौ। आस–पास के गावंन मे जिला परसासन अर्लट जारी कइले हवे। नदी किनारे के गांव के लोगि सुरक्षित जगहिन पर सरन ले रहल हवे ओही गंगा नदी बलिया अउर घाघरा नदी बाराबंकी में खतरा के चिन्हा से उप्पर पहुंच गइल हौ। एकरे अलावा गंगा नदी बदायूं, शारदा नदी लखीमपुर खीरी अउर घाघरा नदी अजोध्या अउर बलिया में खतरा के चिन्हा के नगिचे हौ।

**********